

Feyè Enfòmasyon pou Sèvis Piblikasyon

Nan nouvo afè ka dwa familyal yo, oswa nan ka dosye k ap relouvri yo, Rekeran an dwe konfòme li ak regleman 12.070 lwa familyal yo pou kòmanse pwo sedi a an premye kote l ap voye bay Repondan an, somasyon pou konvokasyon, memorandòm kòm nòt sèvis ak kopi petisyon ki fèt la.

Si Rekeran an pa konn adrès kote Repondan an abite pou voye papye somasyon an ba li jan sa detaye la a, Rekeran kapab toujou chèche fè divès etap tankou jan nou bay la pou some Repondan an.

Etap 1

Ranpli fòm Afidavi pou Rechèch ak Ankèt rapid ki rele “**Affidavit of Diligent Search and Inquiry**” nan Grèf Tribunal Rejyon Palm Beach la. Afidavi a dwe suiv prensipalman fòm ki rele **Florida Family Law Form 12.913 (b) oswa (c)**. Ou dwe tyeke kèlkeswa sous ou konnen ki ta posib pou jwenn ransèyman sou ki kote Repondan an abite epi klipse enfòmasyon w jwenn kòm rezulta rechèch ou an ansam ak fòm “**Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid**” la kòm prèv. Tanpri konsilte lis egzijans minimal ki tache ak fòm sa a pou wè.

Si pandan rechèch ou fè, ou rive jwenn yon adrès, lè sa a se pou voye somasyon fòmèl bay moun w ap asiyen an pèsonèlman nan adrès sa a daprè jan chapit 48 lwa Eta Florid yo prevwa sa. Lè sa a, li pa p nesesè pou w fè depo fòm afidavi pou rechèch ak ankèt rapid la.

Li obligatwa pou ou tache ansam ak fòm “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” w ap depoze a, tout demach ki te fèt nan rechèch ou te fè yo kòm prèv tankou paegzanp, resi kòb ou te peye, kopi enprime rezulta rechèch ou te fè yo, lèt konpayi/òganizasyon/biznis ak/oswa tout lòt prèv ankò kote ou te eseye jwenn enfòmasyon ki te kab pèmèt ou lokalize lòt pati konsène a.

PINGA soumet okenn “Notifikasyon Aksyon” (*Notice of Action*) pou piblikasyon si w pa tache prèv rechèch ou te fè daprè lis kondisyon minimòm ki egzije yo. Si w pa ranpli fòm nan kòrèkteman oswa si w pa bay prèv rechèch ou te fè apati sous kondisyon minimòm obligatwa yo te bay yo, sa kapab lakoz reta nan dosye w la, rejè afidavi pou rechèch rapid ou a, nesesite pou repibliye oswa pou refize dosye w la.

Etap 2

Depi w fin ranpli kondisyon minimòm fòm Afidavi pou Rechèch Rapid la mande yo, kounye a, ranpli fòm “**Notifikasyon Aksyon**” an avan w fè depo fòmèl li nan biwo Grèf tribunal Rejyon Palm Beach la. Fòm Notifikasyon Aksyon an ta dwe menm jan ak swa fòm **Florida Family Law Form 12.913(a)(1)** an oswa **Florida Family Law Form 12.913(a)(2)**, selon sa ki apwopriye a.

Etap 3

Ou dwe fè pibliye Notifikasyon Aksyon an nan kèk jounal lokal ki enprime nan rejyon Palm Beach la, daprè jan § 49.10 nan lwa Florida yo mande sa.

Egzijans minimal pou Sèvis Piblikasyon

Ou dwe chèche konnen ki kote ou kapab jwenn Repondan an pou asiyen li apati lis tout sous nou bay pi ba la yo. W ap resevwa kopi rezulta rechèch ou fè yo nan men chak ajans ou te konsilte. Pou divès rechèch ou te fè sou entènèt yo, ou dwe **enprime** yon kopi rezulta pou chak sous rechèch ou te konsilte. Ou dwe tache kopi rezulta chak ajans rechèch ou te konsilte sou entènèt yo kòm prèv ansanm ak fòm “**Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid**” la. Tribunal la pa p kapab avanse ak dosye aksyon w nan si w pa ba li tout prèv rezulta ou te jwenn pou chak gress rechèch ou te antreprann bò kote pa w apati tout lis sous nou bay pi ba la a.

United States Post Office (*Biwo Lapòs Etazini*)

- Ale nan www.usps.com
- Ranpli fòm ki rele “**Process Server or Boxholder Requests**” la (<http://about.usps.com/who-we-are/foia/readroom/welcome.htm>)
- Poste fòm nan voye ale nan adrès sa:

**USPS FOIA REQUESTER SERVICE CENTER-FIELD
ST. LOUIS GENERAL LAW SERVICE CENTER
1720 MARKET STREET RM 2400 ST LOUIS, MO 63155-9948**
Telefòn: (314) 345-5894 Faks: 650-578-4956

- Lè w resevwa rezulta Biwo Lapòs voye ba ou, klipse lèt ki gen so a ansanm ak fòm “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” ou te ranpli a.

Rechèch sou entènèt

- Ale nan www.switchboard.com
- Tape non moun w ap chèche a, dènye non vil, eta ak zipkòd kote ou te konnen moun nan te abite.
- Ap gen yon lis k ap parèt pou w kapab chwazi.
- Aprè w fin chwazi yon non, y ap ba w tout dènye enfòmasyon ki pi resan sou li. Y ap mande w peye yon frè pou sa.
- Enprime kopi a rezulta a pou tache ak fòm “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” la.

Department of Motor Vehicle (*Depatman Sikilasyon Veyikil a Motè*)

- Ale nan www.flhsmv.gov
- Ranpli fòm ki rele [Driver License Record Request](#) (90511 pdf)
- Soumèt li bay DMV pou w resevwa enfòmasyon. Y ap mande w peye yon frè pou sa.

- Lè w resevwa rezulta DMV yo, tache li ak tout lèt ki gen so a ansanm ak fòm “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” la.

Department of Corrections Inmate Search databases (*Baz done sou Rechèch Prizonye nan Depatman Koreksyon*)

- Ale nan paj Rechèch moun yo arete sou sit biwo Cherif Rejyon Palm Beach la
<https://www2.pbso.org/blotter/index.cfm>
- Ale nan paj Rechèch Biwo Federal pou moun ki nan Prizon yo:
<http://www.bop.gov/inmateloc/>
- Ale nan paj Depatman Koreksyon Eta Florid pou fè rechèch sou prizonye yo
<http://www.dc.state.fl.us/appcommon/searchall.asp>
- Enprime kopi rezulta chak sit entènèt ou te konsilte epi tache yo ak fòm “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” la.

Lèt pou Armed Forces of the U.S. (*Fòs Ame Etazini*)

Pati I – Sètifikasi Sèvis Militè

- Ale nan www.flcourts.org
- Ranpli fòm 12.912(a) oswa (b) selon sa k aplikab la
- Enprime fòm nan epi suiv tout esplikasyon li bay yo
- Tache fòm ou fin ranpli ansanm ak “Afidavi pou Rechèch ak Ankèt Rapid” la.

Pati II – Verifikasyon Sèvis Militè

- Ale nan <https://scra.dmdc.osd.mil/>
- Klike sou *Single Record Request*
- Tape enfòmasyon w genyen sou Repondan an
- Enprime rapò ki bay sou kondisyon sèvis aktif li

Avètisman:

Silouoplè sonje ni tribunal la, ni biwo grefye yo pa la pou ede moun prepare dosye ni pou bay moun konsèy legal. Se pati konsène yo sèlman ki responsab prepare pwòp dokiman yo ak founi kèlkeswa dokiman ki nesesè lè y ap depoze dosye yo nan biwo Grèf tribunal la. Ou kapab jwenn èd ak pwosesis la nan sal lib sèvis (*Self-Help Centers*) ki nan chak biling tribal ki nan rejyon an, kote ou kab mande pou dokiman apwopriye ki disponib pou lib sèvis yo nan biwo Grèf tribunal la oswa nan men nenpòt ki avoka ou vle.